

IDEAS in ACTION

LIDE ANN AKSYON



Office of
Participatory
Budgeting

CITY of **BOSTON**

1 INISYATIV AKSÈ A MANJE FRE NAN KATYE A

Pwopozisyon sa a bay òganizasyon lokal yo lajan pou ogmante aksè a manje ki bon pou sante nan katye ki gen pi gwo pousantaj ensekirite alimantè.

Yo pral itilize resous yo pou sipòte gadmanje, mache pòp-up, mache kiltivatè yo, bon pou manje, oswa distribisyon manje nan frijidè.

Finansman pwopoze: \$500,000

2 FON DEFANS LEGAL POU IMIGRAN YO

Pwopozisyon sa a bay finansman sibvansyon pou sèvis legal imigrasyon ki gen ladan konsiltasyon, asistans pou aplikasyon, ak reprezantasyon legal pou imigran ki fè fas ak detansyon ak deportasyon.

Inisyativ sa a pral bay priorite a imigran ki an detansyon, moun ki gen plis risk pou yo an detansyon, ak jèn imigran yo.

Finansman pwopoze: \$400,000



3 ISTWA IMIGRAN YO ATRAVÈ ATIZAY: KREYE APATENANS, DEVLOPE KONEKSYON

Pwopozisyon sa a bay sibvansyon pou montre istwa ak kontribisyon imigran yo atravè enstalasyon atistik piblik ak galeri. Li pral sipòte pwogram kiltirèl gratis e aksesib ki prezante atis imigran pou defye estereyotip yo, lè l sèvi avèk pwosesis transparan ak enklizif pou asire patisipasyon divès nan kominote a.

Finansman pwopoze: \$300,000

4 PWOGAM FÒMASYON MENDÈV KI KONSANTRE SOU METYE

Pwopozisyon sa a bay sibvansyon pou elaji fòmasyon pwofesyonèl nan metye tankou HVAC, otomobil, konpetans enfòmatrik, ak kwit manje, ak yon konsantrasyon sou rezidan ki gen ti revni.

Inisyativ la kreye chemen pou jwenn travay ki pi byen peye tout pandan l ap reponn a bezwen kominote a pou travayè kalifye.

Finansman pwopoze: \$300,000



6 ATELYE ALFABETIZASYON FINANSYE AK OTONÒMIZASYON JÈN YO

Pwopozisyon sa a bay atelye alfabetizasyon finansye ki ofri nan sit travay jèn yo, evènman lokal yo, ak kolèj pou jèn moun ki gen laj 14-24.

Sesyon yo kouvri bank, kredi, envesti, bidjè, ak preparasyon pou karyè, pèmèt jèn yo devlope ladrès finansye ak grandi richès yo.

Finansman pwopoze: \$250,000

5 ICHEMEN KARYÈ POU IMIGRAN YO: ETABLI LYEN ANT LANG AK TRAVAY

Pwopozisyon sa a bay sibvansyon pou klas ESOL konbine avèk fòmasyon pwofesyonèl ak sètifikasyon nan gadri timoun, konstriksyon, ak devlopman ti biznis.

Pwogram nan adrese baryè lang ak bezwen mendèv pou rezidan imigran yo tout pandan l ap satisfè demann vil la pou travayè kalifye.

Finansman pwopoze: \$300,000

7 PWOGRAM RESOUS DEVLOPMAN TI BIZNIS

Pwopozisyon sa a ofri asistans teknik nan domèn ki enpòtan pou sipòte antreprenarya ti biznis atravè Boston. Objektif la se kreye pi gwo estabilite finansyè ak kapasite pou ti biznis yo, sa ki pral finalman benefisye kominote yo nan tout vil la.

Resous yo pral disponib atravè mwayen ki pral eseye vize antreprenè ki pa t benefisye sipò ak resous Vil la nan tan lontan.

Finansman pwopoze: \$250,000

10 VWA GERIZON YO: PILÒT SIPÒ POU SOBRIYETE AK RAKONTE ISTWA

Pwopozisyon sa a fasilite yon pwogram pilòt ki bay sipò pou rekipèrasyon nan yon espasabri dedye pou envite ki pa gen kay epi ki enterese nan sobriyete.

Kòm yon opsyon, Espesyalis Rekipèrasyon an ap travay avèk envite yo pou devlope atelye rakonte istwa ki konekte ak elèv lekòl segondè nan zòn nan, pou diminye estigma sou moun ki sanzabri ak dejwe. Y ap ankouraje lekòl k ap patisipe yo pou yo bayabri yo bagay esansyèl.

Finansman pwopoze: \$200,000

13 RESOUS AK PWOGRAM FÒMASYON POU MOUN KAP BAY SWEN GRANMOUN AJE YO

Pwopozisyon sa a bay sibvansyon pou ekipe moun kap bay swen yo ak fòmasyon pratik, zouti pratik, edikasyon, sèvis soulajman, ak sèvis sipò pou bay swen pou manm fanmi ki pi gran yo.

Inisyativ la ofri enfòmasyon ak fòmasyon nan plizyè lang ki reflete divès bezwen selon sèks, laj, orijin kiltirèl ak kondisyon sante.

Finansman pwopoze: \$200,000

8 KANPAY REDIKSYON FATRA KOMINOTÈ A

Pwopozisyon sa a etabli yon pwogram sibvansyon pou prè zouti ak evènman kominotè ki pèmèt rezidan yo ak òganizasyon yo òganize netwayaj katye yo. Evènman sa yo pral gen ladan aktivite pou ranfòse kominote a tankou mizik, atizay ak atletik.

Lè yo pwofite enfrastrikti Netwayaj Katye a ak Renmen blòk ou Biwo Òganizasyon Sivik la ki deja egziste a, gwoup ki patisipe yo pral resevwa zouti ak resous nesèsè yo pou òganize aktivite netwayaj yo.

Finansman pwopoze: \$200,000

11 GERIZON ATRAVÈ ATIZAY: CHEMEN KREYATIF POU BYENNÈT

Pwopozisyon sa a mennen atis ki gen rasin kiltirèl nan espas katye yo pou dirije atelye atistik ki santre sou gerizon ak byennèt.

Pwogram nan ofri divès pratik kreyatif tankou chante, teyat, penti ak mizik ki onore diferan tradisyon kiltirèl ak chemen byennèt, pou elaji aksè ekitab a sipò sante mantal.

Atelye yo ap fèt nan anviwònman kominotè tankou pak, bibliyotèk, sant kominotè, ak kote adorasyon.

Finansman pwopoze: \$300,000

9 BLÒK MWEN AN VÈT:

Pwopozisyon sa a transfòme espas vil la ki pa byen itilize sou wout ak twotwa yo atravè inisyativ vèt ki dirije pa kominote a. Pwogram nan bay opòtinite pou jwenn kontra ak resous pou rezidan yo, lekòl yo, gwoup kominotè yo ak òganizasyon yo pou yo adopte, anbeli, epi kenbe espas lokal yo ak plantasyon natif natal.

Inisyativ sa a pral bay priyorite a zòn ki vilnerab a chalè tout pandan l ap rete aksesib pou tout katye yo.

Finansman pwopoze: \$100,000

12 KONBLE DIFERANS LAN: ASISTANS POU ESTABILITE LOJMAN

Pwopozisyon sa a etabli yon pisin finansman fleksib pou ede rezidan Boston ki riske vin sanzabri oswa ki nan sitiyaasyon sanzabri pou yo jwenn oswa kenbe yon lojman.

Atravè sibvansyon pou òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, moun ki pa gen anpil mwayen, moun ki andikape, ak moun ki gen idantite majinalize ki kwaze ta kapab resevwa asistans finansyèl yon sèl fwa pou depans ki gen rapò ak lojman tankou frè depo, aryerasyon, depans demenajman, depans demaraj, ak mèb debaz.

Finansman pwopoze: \$200,000